



KLAS 1YE ANE



P.S 117
Briarwood, New York

Kourikoulòm klas 1ye Ane
Avril 2011

Bilten Nouvèl sou Kourikoulòm 1ye Ane

Matematik

Elèv klas 1ye ane ap konte, gwoupe ak dekri bagay dapre dizèn ak inite. Y ap prezante ak konte gwoup dizèn. Elèv klas 1ye ane ap konte epi y ap gwoupe jiska 50 bagay kòm dizèn ak inite. Elèv klas 1ye ane ap konte epi y ap gwoupe jiska 100 bagay dapre dizèn ak inite. Elèv klas 1ye ane ap ekri nimewo ki fèt ak 2 chif. Y ap fè estimasyon rezonab pou rezoud pwoblèm. Elèv klas 1ye ane ap prezante ak konpare nimewo ki fèt ak 2 chif pou detèmine kiyès nan de (2) yo pi gwo. Y ap prezante ak konpare nimewo ki fèt ak 2 chif pou detèmine kiyès nan de (2) yo pi piti. Elèv klas 1ye ane ap itilize senbòl pou "mwens pase <", "pi gwo pase >", ak "egal" pou konpare nimewo yo. Y ap chèche endike nosyon yonn plis pase ak yonn mwens pase yon chif detèmine. Elèv klas 1ye ane ap chèche endike nosyon dis fwa plis pase ak dis fwa mwens pase yon chif detèmine. Y ap itilize yon liy chif pou endike *anvan*, *ant*, *ak apre*. Elèv klas 1ye ane ap klase chif akòmanse ak pi piti pou rive nan pi gwo oswa pi gwo pou desann nan pi piti. Y ap itilize ladrès ki rele itilize yon tab *use a table* pou rezoud pwoblèm.

Syans sosyal

Bòn fèt Latè! Jou Latè se 22 avril. Jou Latè se pi gwo evènman onivo anviwònman ke yo plis fete nan lemond. N ap aprann fason ou ede kenbe latè a pwòp pou ede pwoteje anviwònman nou an!

N ap pran enfòmasyon sou resiklaj ak jan sa ede latè a. Metsousa, n ap pran enfòmasyon sou pye bwa ak rezon ki fè pye bwa yo tèlman enpòtan pou nou. Jou *Arbor* se 29 avril. Se jou nou pran pou plante pye bwa.

Metsousa, n ap aprann jan pou nou fete jou fèt nan sezon Prentan. N ap li anpil liv sou Jou Latè, pye bwa, jou fèt nan prentan ak sezon Prentan an.



Syans

Nou kontan Sezon Prentan an kòmanse! N ap kontinye gade chanjman nan tan an ak divès bagay ki endike se sezon prentan. N ap plante semans epi n ap aprann enfòmasyon sou dire vi yon plant. N ap fin travay tou sou chapit sibstans. Sonje ke twa eta sibstans yo se : solid, likid, ak gaz. N ap aprann fason sibstans chanje eta yo.



Seminè Lektik ak Redaksyon

Lektik - Elèv k ap li yo vin konnen Aktè nan liv nou yo epi yo pale osijè yo avèk lòt elèv nan Club lektik yo.

Chapit sa a pa menm ak lòt chapit aktè ke timoun yo te konnen paske y ap patisipe nan *club* lektik yo. Pwofesè yo ap tounen evalye ak chèche wè atravè salklas bibliyotèk pou yo ka kreye "bibliyotèk liv sou pèsanaj". Ap genyen liv ki gen nouvo tit pou timoun chwazi. Yo ka divize bibliyotèk yo an kategori : "Pèsanaj otoritè", "Pèsanaj timid", "Pèsanaj ki se bèt", elatriye. Pandan timoun yo ap li, y ap fè pakèt repètisyon, y ap dramatize yon liv oswa yon sèn, y ap aprann reaji, epi y ap aprann reyaji ak chèche konprann lè yo rive nan pati enpòtan yon istwa. Y ap vin konnen ki tandans moun genyen pou estriktire istwa y ap ekri yon fason moun ka prevwa. Anfen, moun k ap li ap pran desizyon osijè sa l vle etidye, ak fason pou aprann ak etidye bagay sa yo ansanm nan yon *club* lektik. Lè timoun yo nan *club* lektik sa yo, sa ap pèmèt yo vin konnen pèsanaj yo. Y ap montre yo fason pou itilize ti papye kolan yo pou ekri remak nan liv yo epi pou pale avèk lòt moun nan *club* yo.

Redaksyon - Pwojè pou elèv ekri redaksyon pou kont yo

Plis fasilite pou ekri ap bay elèv plis enèji ak plis rezon pou etidye *genre* yo pandan ane a. Elèv nou yo nan klas 1ye ane ap chèche gade nan pwòp dosye redaksyon yo epi y ap deside ki tip redaksyon y ap fè : ti woman, woman bann desine, liv imaj, elatriye. Ansèyman atravè chapit sa a ranfòse abitud, pwosesis, ak kalite pou fè bon redaksyon, epi pou travay sou bonjan redaksyon chak jou. Kòm toujou, n ap kontinye fè etid mo, ak travay sou son mo.